

**KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ WÊDHARAN NGÈLMI SAJATI  
WONTÈN ING SÊRAT NGÈLMI YATNÅMÅYÅ**

**E-JOURNAL SKRIPSI**

Dipunajêngakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minângkâ Sarat kanggé Nggayuh

*Gelar Sarjana Pendidikan*



déning

Nur Aisah Jamil

NIM 12205241057

Yogyakarta, April 2018

Pembimbing

Dra. Sri Harti Widystuti, M. Hum.

NIP 19621008 198803 2 001

Yogyakarta, April 2018

Ketua Jurusan

Pendidikan Bahasa Daerah

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Suwardi".

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.

NIP 19640403199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA JAWA**

**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**2018**

## **KAJIAN FILOLOGI SÂHÅ WÊDHARAN NGÈLMI SAJATI WONTÊN ING SÊRAT NGÈLMI YATNÅMÅYÅ**

### **PHILOLOGY STUDY AND EXPLANATION THE TRUE SCIENCE IN SÊRAT NGÈLMI YATNÅMÅYÅ**

dening: nur aisah jamil, jurusan pendidikan bahasa jawa universitas negeri yogyakarta,  
jamielnuraisyah@gmail.com

#### **Sarining Panalitèn**

Ancasing panalitèn ménikå kanggé: (1) ngandharakên *deskripsi naskah SNY*, (2) ndamêl *transkripsi teks SNY*, (3) ndamêl *transliterasi sâhå suntingan teks SNY*, (4) ndamel *terjemahan teks SNY*, (5) ngrêmbag wêdhara ngèlmi sajati *SNY*. Panalitèn ménikå ngginakakên *metode panalitèn filologi modern* sâhå *metode panalitèn deskriptif*. Asiling panalitèn ménikå inggih (1) kawontènan *naskah SNY* taksih saé sâhå sératanipun taksih cêthå; (2) *transliterasi SNY* dipungarap kanthi ngéwahi sératan aksârå Jåwå dhatêng aksârå Latin; (3) kapanggihakên ênêm têmbung ingkang dipun-sunting; (4) Kapanggihakên gangsal têmbung ingkang kasérat wonten ing cathetan *terjemahan*; (5) kapanggihakên kalih bab isining *teks SNY*. Bab manungså, ngandharakên: (1) *unsur-ing* manungså, (2) gawang-gawanipun badan alus, (3) sangkan paraning dumadi, (4) wataking manungså, (5) pêpénginaning manungså. Bab lampah ngèlmi sajati, ngandharakên: (1) lampah yatnåmåyå, (2) sipatipun tiyang ambék utami, sâhå (3) awratipun tiyang ambék utami.

Pamijining têmbung: **kajian filologi, wêdhara ngèlmi sajati, teks SNY**

#### **Abstract**

The aims of research were to: (1) explain the description of *Sérat Ngèlmi Yatnåmåyå* (*SNY*) script, (2) make transcription text of *SNY*, (3) make transliteration and editing text of *SNY*, (4) make translation text of *SNY*, (5) explain the true science text of *SNY*. This research used some methods, those were modern philology research method and descriptive research method. The result of this research were: (1) the script of *SNY* is still good condition and it could read clearly, (2) the transliteration made by changing the text from Javanese letter to Latin letter, (3) it was found six edited words, (4) it is found five words that became the translation record, (5) it is found two chapter, there were about human and the true science. The chapter about human explain about: (1) the element of human, (2) the soul of human, (3) the human come from, (4) the human's characters, (5) the human's will. The chapter of the true science explain about: (1) way of *yatnåmåyå*, (2) the characters of main behavior, and (4) the difficulties to do main behavior.

Keywords: *philology study, the true science, text SNY*

## PURWÅKÅ

*Filologi* inggih menikå satunggaling ngèlmi ingkang gayut kaliyan bab kabudayaning jaman rumiyin ingkang arupi sératan (Suryani, 2012: 1). Gayut kaliyan ménikå Saputra (2013: 4) ngandharakên bilih *filologi* inggih ménikå ngèlmi ingkang dipunginakakêng kanggé nyinaoni *naskah* sâhå *teks* lami. *Naskah* inggih ménikå sératan tangan ingkang ngêwrat wohing pamikir sâhå pangraosing manah minångkå asiling kabudayaning masarakat jaman rumiyin, ingkang awujud utawi *konkret* inggih ingkang sagêd dipuntingali sâhå dipuncêpêng (Baroroh-Baried, 1985: 54). Wondéné *teks* inggih ménikå wosing *naskah* ingkang *abstrak* (Baroroh-Baried, 1985: 56).

Panalitèn ménikå naliti *naskah* kanthi jinis isi andharaning *teks-ipun* piwulang, inggih ménikå *Sérat Ngèlmi Yatnåmåyå* (ingkang salajêngipun dipunsérat SNY). *Naskah* SNY ménikå kasimpêñ wonten ing *Perpustakaan Dewantara Kirti Griya* kanthi nomer Bb. 1.040.

*Naskah* SNY dados *objek* panalitèn kanthi pawadan: (1) *Naskah*

SNY kalêbêt *naskah* cithak ingkang *teks-ipun* kasérat kanthi dhapukan gancaran, (2) Kawontênaning *naskah* ingkang jilidannipun sampun risak, sâhå sapèrangan dlancangipun kapangan rêngêt, mila lumantar panalitèn ménikå sagêd dipunlestantunakên wosing *teks-ipun*, (3) *Naskah* ménikå kasérat mawi aksårå sâhå båså ingkang boten mêsti sadåyå tiyang sagêd mangrêtos.

Adhêdhasar pawadan ing nginggil, panalitèn ménikå katindakakên tumrap *naskah* SNY. Salah satunggaling lampah panalitèn ingkang sagêd nggampilakên nliti *naskah* SNY inggih lampah panalitèn *filologi*. Lampahing panalitèn *filologi* ingkang katindakakên inggih ménikå (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah*, (3) alih tulis *teks*, (4) ndamêl *suntingan teks* kanthi ndamêl *aparat kritik*, (5) ndamêl *terjemahan* ipun, sâhå (6) *analisis* isining *teks*. Lampah *inventarisasi naskah* wonten ing panalitèn ménikå kanggé mangrêtos *jumlah naskah* sâhå papan panyimpênaning *naskah* lan boten katindakakên *inventarisasi naskah* kanthi langkung lêbêt.

## GEGRAN TEORI

Djamaris (2002: 6) ngandharakêñ bilih *filologi* ménikå asalipun saking basa Latin saking témbung *philos* saha *logos*. *Philos* tégésipun rêmén sâhå *logos* tégésipun témbung. Miturut Saputra (2013: 4) tégésipun *filologi* inggih menikå satunggalan bab sêsérêpan ingkang dipunginakakêñ kanggé sarânå nyinaoni *naskah* sâhå *teks* lami. Pamanggih sanès ngandharakêñ *filologi* inggih ménikå satunggalan ngèlmi ingkang gayut kaliyan kasusastran ingkang gayut kaliyan bab båså, sastrå, sâhå kabudayan (Baroroh-Baried, 1985: 1).

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *filologi* inggih menikå ngèlmi utawi sêsérêpan ingkang dipunginakakêñ kanggé sarânå nyinaoni *naskah-naskah* kinå ingkang gayut kaliyan *studi* bab kabudayaning masarakat jaman rumiyin.

Wonten ing panalitèn *filologi* wonten ancasing panalitèn. Ancasing *filologi* dipunpilah dados kalih, inggih ménikå ancas *umum* sâhå ancas *khusus* (Baroroh-Baried, 1985 : 5). Ancasing *filologi* ingkang *umum*, inggih ménikå (1) sagêd mangrêtoси kabudayan satunggalipun bangsa saking asiling

sastra-nipun, ingkang sératan ménåpå déné lisan, (2) mangrêtoси *makna* sâhå fungsi *teks* kanggé masarakat pangriptanipun, sâhå (3) ngandharakêñ *nilai-nilai* budåyå lami kanggé *alternatif pengembangan* kabudayan.

Wondéné, ancasing *filologi* ingkang khusus inggih ménikå (1) ndamél *suntingan teks* ingkang langkung cêlak kaliyan aslinipun (2) mangrêtoси sêjarah kadadosanipun *teks* sâhå *perkembangan-ipun*, sâhå (3) mangrêtoси *resepsi* pamaos wonten ing sabén wékdal panampinipun.

Ancasing *filologi* tumrap *teks SNY*, inggih ménikå ndamél *deskripsi naskah*, *transliterasi teks SNY*, sâhå *terjemahan* saking *teks SNY* supados nggampilakêñ tiyang ingkang botên mangrêtos båså Jawi, ugi dipundamél *suntingan teks* sâhå *pemaknaan teks* supados sagêd ngandharakêñ wosing *teks SNY*.

Sabén ngèlmi tamtu kémawon gadhah *objek* panalitèn piyambak-piyambak. Semantén ugi ngèlmi *filologi*. *Objek* panalitèn *filologi* inggih ménikå *naskah* sâhå *teks*. *Naskah* inggih ménikå sératan astå ingkang ngêwrat wohing pamikir sâhå pangraosing manah minångkå asiling kabudayan masarakat jaman rumiyin, ingkang awujud utawi

konkret inggih ingkang sagêd dipuntingali sâhå dipuncêpêng (Baroroh-Baried, 1985: 54).

Suyami wontên ing sêstorahipun ingkang irah-irahanipun “Pengembangan Model Kajian Naskah-naskah Jawa” (1996) ngandharakên bilih *naskah* inggih ménikå sadåyå wujud asiling karya ingkang dipunsérat déning masarakat rumiyin, saé ingkang awujud sératan tangan (*manuskrip*) ménåpå déné ingkang cithakan (*naskah cithak*).

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *naskah* inggih sératan tangan sâhå cithakan ingkang taksih asli ménåpå déné ingkang wujud têdhakan. *Teks* inggih ménikå wosing *naskah*, satunggalipun prakawis ingkang *abstrak*, inggih ménikå namung sagêd dipunpênggalih kémawon (Baroroh-Baried, 1985: 56). Jumbuh kaliyan ménikå Saputra (2013: 5) ngandharakên bilih *teks* inggih ménikå wosing *naskah* ingkang kaandharakên mawi båså utawi tåndhå sanèsipun ingkang jumbuh kaliyan jinis *wacana-nipun*.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *teks* inggih ménikå wosing *naskah* ingkang kaandharakên mawi båså utawi

tåndhå sanès ingkang ngêwrat *ide* utawi *amanat*.

Lampahing panalitèn *filologi* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn ménikå adhêdhasar pamanggihipun Fathurahman (2015: 69) kanthi dipunewahi sawatawis inggih ménikå (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah*, (3) alih tulis *teks*, (4) ndamêl *suntingan teks*, (5) *terjemahan*, (6) *analisis isining teks*.

*Analisis Isi* ingkang karêmbag wontên ing panalitèn ménikå gayut kaliyan bab ngèlmi sajati. Pangrêtosan ngèlmi sajati inggih ménikå ngèlmi ingkang saèstunipun ngèlmi, ingkang wontên ing ciptå pribadi (Achmad Chodjim, 2013: 121). Ngèlmi sajati mèdal saking *kreasi* pribadi dédé ingkang kitå tampi saking tiyang sanès. Ingkang kitå tampi mawi *indra*, mawi sinau, ménika *refleksi* saking ngèlmi. Sydney Banks lumantar Achmad chodjim ngandharakên bilih *realisasi* ngèlmi saking dhiri pribadhi piyambak. Ngèlmi namung sagêd dipunpanggihakên mawi pangrêtosan saking batin dhiri pribadhi ingkang arif.

Salajêngipun, gayutanipun kaliyan lampah ngèlmi sajati, salêbêtipun Sérat Pasthikåmåyå (lumantar Mulyani, 2012:

64), tiyang Jawi anggènipun nglampahi syariat kanthi adhêdhasar yatnâmåyå, inggih ménikå tansah èngêt dhatêng kawêninganing pikir sâhå manah.

Pamanggih sanès ngandharakên bilih tiyang ingkang badhé nggadhahi ngèlmi sajati kêdah têbih saking pamrih, kêdah wêning pikiranipun, têbih saking drêngki, manah sâhå pikiranipun manunggal dados satunggal, satêmah botên wontên *konflik* batin (Chodjim, 2013: 121).

Adhêdhasar andharan wontên ing nginggil isining *teks SNY* ugi ngandharakên bab lampahing ngèlmi sajati ingkang sagêd mumpangati dhatêng manungså ingkang badhé mangrêtosi sêjatosing dhirinipun manungså. Wêdharan ngèlmi sajati miturut *naskah* satunggal kaliyan *naskah* sanèsipun ménikå wontên bédanipun utawi gadhah *ciri khas*. Pramilå wêdharan ngèlmi sajati miturut *naskah SNY* prêlu dipunandharakên kanggé mangrêtosi *kekhasan-ipun*.

## CÅRÅ PANALITÈN

Jinising panalitèn ménikå kalêbêt panalitèn *filologi modern* sâhå panalitèn *deskriptif*. *Metode panalitèn deskriptif*

inggih ménikå *metode* kanggé naliti satunggalipun *objek*, ingkang arupi nilai-nilai pagêsangan, *sistem pemikiran filsafat*, nilai-nilai *etika*, sâhå *objek* budåyå sanèsipun ingkang ancasipun ndamêl *deskripsi* utawi andharan, gêgambaran kanthi *sistematis* sâhå *objektif* gayut kaliyan *fakta-fakta*, sipat, sâhå gayutaning *unsur-ipun* (Kaelan, 2005: 58). Kanthi *metode panalitèn deskriptif*, panalitèn ménikå ngandharakên wosing *teks SNY* kanthi *objektif*.

Wondéné *metode filologi modern* dipunginakakên kanggé naliti *teks SNY* kanthi nomér *koleksi* Bb.1.040 *koleksi-nipun Perpustakaan* Dewantara Kirti Griya Taman Siswa, ingkang kasérat kanthi aksårå Jåwå cithak. Panalitèn *filologi modern* ménikå gayut kaliyan lampahing panalitèn *filologi*, inggih *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah*, alih tulis *teks*, *suntingan teks*, ndamêl *terjemahan teks*, sâhå *analisis isi-ning teks*.

*Sumber data* panalitèn ménikå, inggih *naskah SNY*. *Naskah SNY* ingkang dados *sumber data* panalitèn ménikå *naskah koleksi Perpustakaan* Dewantara Kirti Griya Taman Siswa ingkang kasérat kanthi aksårå Jåwå

cithak kanthi nomér koleksi Bb.1.040. Sêrat Ngèlmi Yatnåmåyå kaanggit déning M.Tanaya sâhå katêrbitakên kaliyan Tan Khoen Swie wonten ing Kedhiri rikålå warta 1921. *Naskah*-ipun kasérat ngginakakêng båså Jawi gagrag anyar ingkang kasérat kanthi dhapukan gancaran sâhå kalêbêt jinising *naskah* piwulang.

Ingkang dados pawadan kapilihipun *teks SNY* ingkang kasimpênen wonten ing *Perpustakaan Dewantara Kerti Griya Taman Siswa* ménikå amargi kawontenaning *teks*-ipun taksih saé. Ananging sapèrangan *naskah*-ipun kapangan rêngêt, lajêng jilidanipun ugi sampun risak, *naskah* katambal ngginakakêng *lem*. Kanthi sinérat mawi aksårå Jåwå cithak, nggampilakên anggènipun maos. *Teks SNY* ugi kasérat kanthi dhapukan gancaran, pramilå ugi nggapilakên anggènipun maos, sératanipun ugi taksih cêtha.

Salajêngipun, cara ingkang dipunginakaken kanggé ngempalakên *data* panalitèn inggih ménikå kanthi ndamél *deskripsi naskah*, ndamél alih tulis *teks*, *suntingan teks*, ndamél *terjemahan teks*, sâhå *analisis isi*-ning *teks*.

Salajêngipun, *teknik analisis data* ingkang dipunginakaken inggih ménikå *analisis deskriptif*. Wondéné lampahing *analisis data* wonten ing panalitèn ménikå inggih *reduksi data*, *kategorisasi*, *display data*, sâhå *penafsiran* tuwin *interpretasi* (Kaelan, 2005: 68).

Pirantosing panalitèn ingkang dipunginakaken ing panalitèn ménikå inggih *kartu data*. *Kartu data* dipunginakaken kanggé nyérat sadåyå *data* sâhå *informasi* saking *naskah* sâhå *teks SNY*. Wondéné pigunaniipun *kartu data* inggih ménikå kanggé nyérat asiling *deskripsi naskah* sâhå *teks SNY*, nyérat asiling *transliterasi* sâhå *suntingan teks SNY*, nyérat *aparat kritik*. Sadåyå *kartu data* ménikå dipundamél *tabel*. Tuladhanipun *tabel* *kartu data* kaandharakên kados ing ngandhap ménikå.

**Tabel 1. Kartu Data kanggé Nyérat Asiling Transliterasi**

Asiling Transliterasi	Asiling Suntingan Teks

Wondéné kanggé ngêsahekên *data* wonten ing panalitèn ménika ngginakakêng *validitas* sâhå *reliabilitas*.

*Validitas* ingkang dipunginakaken awujud *validitas semantik*. *Validitas semantik* ancasipun madosi têgês sâhå *makna* saking *data* ingkang dipunpanggihaken, ingkang awujud têmbung sâhå kelompok têmbung ingkang gayut kaliyan *konteks-ipun*.

Wondéné *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih ménikå *reliabilitas intraratter* sâhå *interrater*. *Reliabilitas intraratter* inggih ménikå *reliabilitas* ingkang nggadhahi ancas kanggé pados *data* ingkang *konsisten* utawi ajéng. Wondéné *reliabilitas interater* inggih ménikå kanthi cårå pados tiyang sanès ingkang maringi têtimbangan tumrap panalitèn ménikå.

Kajawi ménikå katindakakên ugi kanthi cårå pados têtimbanganing ahli utawi pakaring bab *filologi*, inggih ménikå dosen pembimbing ingkang tansah paring panjurung sâhå arahan wonten ing panalitèn ménikå.

## ASILING PIRÊMBAGAN SÂHÅ PANGRÊMBAGIPUN

*Inventarisasi* wonten ing panalitèn ménikå katindakakên kanggé mangrêtosi gunggungipun *naskah* sâhå wonten pundi kémawon *naskah* kasimpêñ. Andharan *inventarisasi* boten kaandhar

amargi *naskah* ingkang langsung kapiji sâhå boten katindakakêñ *inventarisasi* ingkang langkung lêbêt.


Kawontenaning *naskah SNY* taksih saé sâhå sagêd dipunwaos. *Naskah-ipun* taksih jangkêp, jilidanipun taksih saé. Adhêdhasar katrangan wonten ing *naskah*, *naskah SNY* dipunanggit déning M. Tannaya. *Naskah dipun-terbit-akêñ* déning Boekhandel Tan Khoen Swie rikålå taun 1921.

*Teks SNY* kasérat kanthi dhapukan gancaran. Sérataning *naskah SNY* ngginakakêñ aksârâ Jåwå cithak kanthi ngginakakêñ *font* tulâdhå jêjêg déning R.S. Wihananto. Båså ingkang dipunginakakêñ wonten ing *teks* inggih ménikå båså Jawi gagrag énggal kanthi ragam kråmå. Jinising *bahan naskah* inggih ménikå dlancang HVS. Wondéné jinising *teks SNY* kalêbêt *teks piwulang*.


Lampah salajêngipun inggih ménikå *transkripsi*. *Transkripsi* dipuntindakakêñ kanthi *metode transkripsi diplomatik*, inggih ménikå *metode* ingkang anggènipun damêl alih tulis sérataning *teks* ingkang kasérat ménåpå wontenipun kados déné sérataning *teks-ipun* kanthi aksârâ ingkang sami, nanging wonten ing

pérangan tartamtu kados tå ukuran, sikaping aksårå botên sami. *Transkripsi tumrap SNY* katindakakêñ supados damêl *naskah* ingkang awujud sératan carik. Wondéné tulådhå asiling *transkripsi* tumrap *teks SNY* kados ing ngandhap ménikå.

### Teks SNY



### Asiling Transkripsi Teks SNY



Lampahing panalitèn salajêngipun inggih ménikå ndamêl *transliterasi teks*. *Metode* ingkang dipunginakakêñ inggih ménikå *metode transliterasi standar*. *Transliterasi standar* dipuntindakakêñ kanthi cårå ngéwahi aksårå *teks SNY* ingkang ngginakakêñ aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin kanthi adhêdhasar *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Arifin, 2006).

Salajêngipun, katindakakêñ *suntingan teks*, inggih ménikå nglérésakêñ têtembungan ingkang botên trêp panyératipun adhêdhasar *Baoesastrå Djawa* (Poerwadarminta, 1939). *Suntingan teks* ingkang dipuntindakakêñ

wontên ing panalitèn ménikå kanthi ngéwahi aksårå, nambahi aksårå, ngirangi aksårå sâhå nggantos aksårå (Darusuprasta, 2002:27).

Wondéné pandom *suntingan* dipundamêl kanthi awujud tåndhå-tåndhå. Tåndhå-tåndhå ingkang dipunginakakêñ kaandharakêñ kados ing ngandhap ménikå.

- a. Tåndhå <...> dipunginakakêñ kanggé ngirangi. Waosan salêbêting tåndhå ménikå botên prêlu dipunwaos.
- b. Tåndhå [...] dipunginakakêñ kanggé nambahi. Waosan salêbêting tåndhå kurung ménikå tambahan.
- c. Tåndhå (...) dipunginakakêñ kanggé nggantos aksårå utawi têmbung.
- d. Anggènipun nyérat nomêr *aparat kritik* ngginakakêñ ångkå Arab dipunsêrat Latin.

Tuladhanipun:

...<sup>1</sup>, ...<sup>2</sup>, ...<sup>3</sup>, lan sapanunggalanipun.

Saking asiling *transliterasi* sâhå *suntingan teks*, kapanggihakêñ 6 têmbung ingkang dipun-*sunting*. Wondéné tulådhå asiling *transliterasi* sâhå *suntingan* kados ing ngandhap ménikå.

**Tabel 2: Asiling transliterasi sâhå suntungan teks SNY**

Asiling Transliterasi
Gêni iku panas, bumi iku rûgêd, banyu iku adhêm, angin iku sumribit, makatê[7]n sapiturutipun.
Asiling Suntungan
Gêni iku panas, bumi iku rûgêd, banyu iku adhêm, angin iku <b>sumribi(d)</b> <sup>4</sup> , makatê[7]n sapiturutipun.

Salajêngipun ménikå, têmbung-têmbung ingkang dipun-sunting kaandharakên wonten ing *aparat kritik* minångkå tanggêl jawab *ilmiah* tumrap teks SNY. Têmbung-têmbung ingkang dipun-sunting kados ing ngandhap ménikå.

**Tabel 3: Aparat Kritik Teks SNY**

Sadèrèngipun dipun-sunting
Singup
Ménêp
Mirit
Sumribit
Munapik
Pêpiritan
Sasampunipun dipun-sunting
singub
ménêb
Mirid
Sumribid
Munapék
Pêpiridan

Lampahing panalitèn salajêngipun inggih ménikå ndamêl *terjemahan teks*. *Terjemahan* wonten ing panalitèn

ménikå ngginakakêñ *terjemahan harfiah*, isi, sâhå *bebas*. Anggènipun ngginakakêñ *terjemahan harafiah* adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (1939), manawi botêñ sagêd ka-*terjemah*-akêñ mawi *terjemahan harfiah* lajêng ngginakakêñ *terjemahan* isi utawi *makna* sâhå *terjemahan bebas* kanthi nggatosakêñ *konteks*.

Wondéné tulâdhå asiling *terjemahan* kados ing ngandhap ménikå.

**Tabel 4: Asiling Terjemahan**

Asiling Transliterasi
Pangajap kulå sagêdå èngêt dhatêng kawêningan sarânå nguli-uli yatnåmåyå. Wusânå nyuwun gênging pamêngku.
Asiling Terjemahan
<i>Harapan saya semoga ingat pada kejernihan dengan cara menekuni yatnåmåyå. Akhir kata mohon maaf yang sebesar-besarnya.</i>

Saking asiling *terjemahan teks* ménikå kapanggihakêñ gangsal têmbung ingkang kasérat wonten ing cathêtan *terjemahan*. Cathêtan *terjemahan* ngandharakêñ têmbung-têmbung ingkang angel dipun-*terjemah*-akêñ dhatêng båså Indonesia.

Gangsal têmbung kasêbut inggih ménikå: (1) *Mêlênging indriyå ngèsthi*

tunggal, (2) *Dlancang sasuwir têmbung sakêcap*, (3) *Kang ciniptå ånå kang sinêdyå têkå*, (4) Pangéran, (5) Rêncananing. Tuladhanipun cathétan *terjemahan* kados ing ngandhap ménikå.

1) *Mêlênging indriyå ngèsthi tunggal* botên ka-*terjemah-akêñ* amargi ménikå kalêbêt sêngkalan låmbå. Sêngkalan låmbå inggih ménikå sêngkalan ingkang awujud kelompoking têmbung sâhå ukårå (Dwiraharjo, 2006: 15). Sêngkalan ménikå nêdahakêñ taun 1852.

2) *Dlancang sasuwir têmbung sakêcap* botên ka-*terjemah-akêñ* amargi ménikå kalêbêt bêbasan. Têgêsipun bêbasan ménikå inggih landhêping satunggalipun têmbung ingkang sinérat wontên dlancang sinaoså sasuwir ménâpå déné têmbung ingkang kaucapakêñ sinaoså namung satunggal kêcap.

Salajêngipun ménikå, ndamêl *analisis teks*. *Analisis teks SNY* dipuntindakakêñ kanthi ngrêmbag isining *teks SNY* ingkang gayut kaliyan wêdharan ngèlmi sajati.

Wondéné pêpincrèning wêdharan ngèlmi sajati kados ing *tabel* ngandhap ménikå.

**Tabel 5: Pêprincèning Wêdharan Ngèlmi Sajati**

Bab Manungså
unsur-ing manungså
gawang-gawanganipun badan alus,
sangkan paraning dumadi
wataking manungså
pêpénginaning manungså
Bab Lampahing Ngèlmi Sajati
lampah yatnåmåyå
awratipun tiyang ambêk utami
sipatipun tiyang ambêk utami

Manungså ménikå kadadosan saking kalih *unsur*. Kalih *unsur* kasêbut inggih ménikå badan wadhag sâhå badan alus. Gawang-gawanganipun badan alus wonten tigå, inggih ménikå nyåwå, ciptå, sâhå råså. Nyåwå ménikå dipungambarakêñ minångkå sunaring cahyå dhatêng raganing manungså. Ciptå inggih ménikå kêpalaning råså. Kawontênanipun nyåwå katanggapan déning råså, råså katanggapan déning ciptå, lajêng ciptå katanggapan déning raga.

Sasampunipun ménikå sangkan paraning dumadi wonten tigang pérangean, inggih ménikå: (1) pangéran

nitahakêñ jagad, (2) silahing kawulå Gusti, (3) Pangéran têtélå namung satunggal.

Salajêngipun, bilih salah satunggalipun watak manungså inggih ménikå botêñ gadhah pêmarêm. Watak kasêbut sagêd dipuntêngêri nalikå manungså sampun kadumugêñ ingkang dipunsêdyå, lajêng sêdyå liyanipun. Makatêñ salajêngipun têbih saking têmbung bosên.

Sadåyå manungså ingkang gêsang ing alam donyå ménikå tamtu kémawon gadhahi pêpénginan. Pêpénginan kasêbut inggih ménikå: (1) pangkat, (2) sugih, (3) misuwur, (4) unggul, (5) mèngku.

Isining *teks SNY* ingkang kaping kalih ngandharakêñ bab lampah ngélmi sajati. Andharanipun kados ing ngandhap ménikå.

lampahing tiyang ngulah ngélmi sajati inggih ménikå ngagêngakêñ sâhå ngathahakêñ prakawis ingkang saé. Wondéné péranganipun kautamén wonten tigå, inggih ménikå (1) gêntur, (2) suci, tuwin (3) lêgåwå.

Salajêngipun, tiyang ingkang badhé nglampahi ambék utami ménikå botêñ gampil. Awratipun tiyang badhé nglampahi ambék utami inggih ménikå: (1) cêgah nêdhå têtêpipun manawi dånå,

(2) cêgah tilêm têtêpipun manawi rumêkså, (3) cêgah sukå têtêpipun manawi nalångså, (4) niyat ngawon têtêpipun manawi kêndêl, (5) ménikå niyat sabar têtêpipun manawi sinêdyå, (6) niyat weweh têtêpipun manawi lêgåwå, (7) niyat têkulung têtêpipun manawi sêmbådå, (8) botêñ mélikan têtêpipun manawi nyingkur pamrih, (9) botêñ alêman têtêpipun manawi nyingkur panggung, (10) botêñ kumlungku têtêpipun manawi nyingkur kajuwårå.

Tuladhanipun pêthikan *teks SNY* gayut kaliyan bab manungså kados ing ngandhap ménikå.

Nitik pangandikanipun pårå linangkung, ingkang winastan badan wadhag punikå rågå. Dados mèndhêt larapipun tamtu wonten ingkang námå badan alus, (2/3)

#### *Terjemahan:*

*Mengacu pada nasihat para orang pintar, badan kasar adalah raga. Jadi jika melihat kata pembentuknya tentunya ada badan halus.*

Saking pêthikan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih manungså ménikå sabotêñ-botêñipun kadadosan saking kalih *unsur*, inggih

ménikå badan wadhag ingkang asring kasêbut rågå sâhå badan alus ingkang asring dipunsêbut jiwå. Kalih *unsur* manungså ménikå sambung-sinambung, botên sagêd dados manungså manawi namung wontên salah satunggalipun *unsur*.

Wondéné tuladhanipun pêthikan *teks SNY* gayut kaliyan bab lampah ngèlmi sajati kaandharakên kados ing ngandhap ménikå.

Lampahipun tiyang ulah ngèlmi sajati punikå namung ngagêngakên kautamèn. Mènggah péranganipun wontên tigå: gêntur, suci tuwin lègåwå. (10/1)

#### *Terjemahan*

*Cara orang belajar ilmu sejati ini hanyalah memperbanyak kebaikan. Adapun pembagiannya ada tiga: gentur, suci, dan lègåwå.*

Adhêdhasar téks ménikå lampahing tiyang ngulah ngélmî sajati inggih ménikå ngagêngakên sâhå ngathahakên prakawis ingkang saé. Wondéné péranganipun kautamén

wontên tigå, inggih ménikå (1) gêntur, (2) suci, tuwin (3) lègåwå.

## PANUTUP

### Dudutan

*Inventarisasi naskah SNY* wontên ing panalitèn ménikå dipunlampahi kanthi *studi katalog* kanggé mangrétosi gunggungipun *naskah* sâhå wontên pundi kémawon *naskah*-ipun kasimpêñ. *Inventarisasi naskah* botên kalampahan kanthi ningali *naskah* wontên sêdayå papan ingkang wonten, ananging namung satunggal papan ingkang *naskah*-ipun kapiji inggih wonten Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta. Gunggungipun *naskah Sérat Ngèlmi Yatnåmåyå* namung satunggal eksemplar.

Irah-irahaning *naskah* ingkang dipunginakakên wonten ing panalitèn ménikå inggih ménikå *Sérat Ngèlmi Yatnåmåyå*. Irah-irahan ménikå kapanggihakên wonten *katalog* Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya kanthi nomér Bb.1.040. Déné katranganing irah-irahan dipunpanggihakên wonten ing samak *naskah*.

Kawontênaning *naskah SNY* taksih saé, wêtah, sâhå taksih cêthå sératanipun dipunwaos. Jinising *bahan naskah* inggih ménikå ngginakakênlancang HVS. Jilidan *naskah* wonten ingkang sampun lêpas, ananging dipuntèmpèlakênlawi *plester* wêrni ijêm. Lêmbaran *naskah-ipun* boten wonten ingkang risak ménåpå déné ical. *Naskah SNY* kaéwokakênl ing jinising *naskah* piwulang ingkang *teks-ipun* kasérat mawi aksårå Jawa cithak. *Naskah* ménikå kaandharakênl kanthi dhapukan gancaran. Basaning *teks* ngginakakênl Båså Jawi gagrag énggal kanthi ragam kråmå.

Salajêngipun, *transkripsi teks SNY* ménikå ngginakakênl *metode transkripsi diplomatik*. Anggènipun *transkripsi* kanthi nyérat malih *teks SNY* ngginakakênl sératan carik. Transkripsi *teks SNY* katindakakênl kanthi ancas supados *teks SNY* sagêd lêstantun sâhå wonten salinanipun ingkang sératan carik.

Salajêngipun ménikå, *transliterasi teks SNY* ngginakakênl *metode transliterasi standar*. Cårå anggènipun *transliterasi* inggih ménikå kanthi nggantos sérataning aksårå saking aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin ingkang

dipunjumbuhakênl kaliyan *Ejaan Yang Disempurnakan (EYD)*.

*Suntingan* tumrap *teks SNY* ngginakakênl *metode suntingan standar*. *Suntingan teks* katindakakênl kanthi cårå nglérésakênl *teks* ingkang lêpat anggènipun nyérat. Anggènipun nglérésakênl antawisipun inggih ménikå sagêd nambahi, ngirangi, ménåpå déné nggantos aksårå, wandå, sâhå têmbung wonten *teks SNY*. Sasampunipun *suntingan teks* katindakakênl, salajêngipun damêl cathêtan ingkang dipunsêbut *aparat kritik*.

Salajêngipun, *terjemahan teks SNY* ngginakakênl tigang *metode terjemahan*, inggih ménikå *metode terjemahan harfiah*, isi, sâhå *bebas* kanthi kontekstual. Terjemahan wonten ing panalitèn ménikå katindakakênl kanthi cårå *teks SNY* dipun-alihbasa-akênl saking båså Jawi dhatêng båså Indonesia. Wondéné wonten têmbung-têmbung ingkang angèl dipun-*terjemah-*akênl kasérat wonten ing cathêthan *terjemahan*.

Sasampunipun *terjemahan teks*, ngandharakênl wêdharan ngèlmi sajati. Wonten ing panalitèn ménikå kapanggihakênl wonten 8 inggih ménikå (1) *unsur-ing manungså*, (2)

gawanganipun badan alus, (3) sangkan paraning dumadi, (4) sipating manungså, (5) lampah yatnåmåyå, (6) pêpénginaning manungså, (7) awratipun tiyang ambêk utami, (8) sipatipun tiyang ambêk utami.

### **Implikasi**

Adhêdhasar asiling panalitèn sâhå pangrêmbagipun *teks SNY* tamtunipun wontên *impilkasi-nipun*. *Implikasi* ingkang kaping satunggal inggih ménikå wontên lingkungan pendidikan mliginipun ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, panalitèn tumrap *naskah SNY* sagêd dados tambahing sêsêrépan gayut kaliyan ngèlmi *filologi* kanggé naliti *naskah Jawi*.

*Implikasi* ingkang kaping kalih inggih ménikå kanggé masarakat umum, gayut kaliyan isining teks ingkang ngandharakêng ngèlmi sajati sagêd dados tambahing wawasan kanggé wiranèm sâhå tiyang sépuh bab wêdharan ngèlmi ingkang sajati.

### **Pamrayogi**

Adhêdhasar panalitèn *teks SNY* ingkang sampun kalampahan tamtu kémawon wontên pamrayoginipun. Pamrayogi kaandharakêng ing ngandhap

ménikå: (1) Panalitèn tumrap *naskah SNY* ménikå prêlu panalitèn *lanjutan* saking ngèlmi sanèsipun, upaminipun ngèlmi bab båså utawi sastranipun, (2) Panalitèn tumrap *naskah* kinå mliginipun *naskah Jawi* prêlu dipuntliti supados sagêd nglêstantunakêng *naskah*. Isining *naskah* ingkang sagêd dipunjumbuhakêng kaliyan jaman samênikå sagêd dipundadosakêng piwulang.

## **KAPUSTAKAN**

### **1) Naskah**

*Sérat Ngèlmi Yatnåmåyå*. Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta, nomér Bb.1.040.

### **2) Puståkå**

Arifin, Syamsul. 2006. Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan. Yogyakarta: Kanisius.

Baroroh-Baried, Siti. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Chodjim. 2013. *Syekh Siti Jenar: Makna Kematian*. Jakarta: PT Serambi Ilmu Semesta.

- Darusuprpta. 2002. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.
- Fathurahman, Oman. 2015. *Filologi Indonesia: Teori dan Metode*. Jakarta: Prenada Media Group.
- Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Mulyani, Hesti. 2013. *Komprehensi Tulis. Gegaran Mata Kuliah Komprehensi Tulis Jåwå. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta*. Poerwadarminta.
- W.J.S. 1939. *Baoesastra Jawa*. Batavia: J. B Wolter's Uitgevers Maatschappij N.V.
- Saputra, Karsono. 2013. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.
- Suryani, Elis. 2012. *Filologi*. Bogor: Ghalia Indonesia.